



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU SANT KOMÈSYAL YO PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka konfime sa anba dokiman an.

Apati 19 out 2020

Konfòmeman a Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo te rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 lè sant komèsyal yo ka retounen ouvri nan rejyon ki nan Katriyèm Faz la epi respekte enstwiksyon nou pral site la yo. Espesifikman, nenpòt pati komen entèn nan sant komèsyal acha an detay yo ki gen 100,000 pye kare oswa pi plis espas lavant an detay ki disponib pou moun lwe yo dwe rete fèmen pou popilasyon an jiska vandredi 10 jiyè 2020 lè sant komèsyal ki nan rejyon ki nan Katriyèm Faz yo ka retounen ouvri; sepandan, nenpòt magazen ki pa gen pwòp pòt rantrè ekstèn yo ka fonksyone apati espas pou moun pase pran atik sou twotwa yo nan rejyon ki nan Premye ak Dezyèm Faz yo ki ap bay atik kliyan yo achte yo nan oswa tou pre pòt rantrè jeneral sant komèsyal la, epi nenpòt magazen ki gen pwòp pòt rantrè ekstèn yo ki separe de pòt rantrè jeneral sant komèsyal la (pa egzanp, magazen lineyè, lokatè prensipal yo), ka ouvri pou moun pase pran atik sou twotwa yo oswa nan magazen yo nan rejyon ki nan Premye Faz yo ak tout aktivite lavant an detay nan magazen yo nan rejyon ki nan Dezyèm Faz yo.

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwovizwa pou COVID-19 pou Sant Komèsyal yo") pou ka bay pwopriyetè/operatè sant komèsyal yo ak anplwaye, antrepriz, machann, ak kliyan yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Enstwiksyon sa a aplike pou tout sant komèsyal entèn, lineyè ak magazen ki gen pèmision pou yo fonksyone. Enstwiksyon sa yo pa aplike pou restoran oswa lòt sèvis alimantè yo, sal sinema, konsesyonè byen alokasyon yo, oswa sèvis swen pèsònèl yo, tankou salon kwafi, salon maniki ak pediki, espas, magazen tatou, epilasyon ak lazè yo, oswa elektwoliz yo, ki ka sitiye nan sant komèsyal sa yo.

Magazen an detay ki nan sant komèsyal yo dwe swiv enstwiksyon ke yo te dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Biznis an Detay ki Esansyèl epi nan Dezyèm Faz yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities during the COVID-19 Public Health Emergency) ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH). Restoran ak lòt sèvis alimantè ki nan sant komèsyal yo dwe swiv enstwiksyon ke yo te dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Sal sinema ki nan sant komèsyal yo dwe swiv nenpòt enstwiksyon ke yo te pase nan objektif sa a (nan moman piblikasyon sa a, sal sinema yo pa gen pèmision pou yo ouvri). Sèvis swen pèsònèl ki nan sant komèsyal yo dwe swiv enstwiksyon ke yo te dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Swen Pèsònèl yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19" (Interim Guidance for Personal Care Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Tout lòt biznis ki nan sant komèsyal yo dwe refere yo a enstwiksyon respektif nan sektè yo, si ak kote ki aplikab.

Lis enstwisyon sa yo se kondisyon minimòm sèlman epi nenpòt pwopriyetè/operatè sant komèsyal yo lib pou yo pran prekosyon adisyonèl oswa limitasyon ki ogmante. Lis enstwisyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik ke nou konnen nan moman piblikasyon an, epi dokiman sou ki lis enstwisyon sa yo baze yo ka epi ap chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsab pou yo adere a tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak fonksyonman sant komèsyal yo. Antite ki Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt fonksyonman sant komèsyal yo yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), pou mande tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa [enstwisyon](#) Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwisyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), pou mande biznis ki esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), pou mande nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), pou mande nenpòt moun ki ap itilize sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa lòt veyikil a lwe yo, ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe mete yon mask pou kouvri figi oswa mask ki fèt ak rad yo pou kouvri nen ak bouch yo pandan vwayaj yo. Li te mande tou pou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon mask pou kouvri figi oswa mask ki fèt ak rad yo ki kouvri nen ak bouch yo pandan ke gen pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), pou otorize operatè/pwopriyetè biznis yo gen mwayen pou yo refize kite rantre moun ki pa mete mask pou kouvri figi yo oswa ki pa respekte kondisyon mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a [te pèmèt](#) pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou depiste kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke premye faz reyouvèti an a pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz reyouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li [te anonse](#) itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke plizyè rejyon nan eta a te sou wout pou yo rantre nan katriyèm faz reyouvèti a kòmanse apati 26 jen.

An plis de nòm nou pral site la yo, biznis yo dwe kontinye konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan DOH ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize.

Tanpri remake ke kote enstwiksyon ki nan dokiman sa a diferan de lòt enstwiksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstwiksyon ki pi resan an.

Nòm pou Fonksyònman Sant Komèsyal yo ki Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite sant komèsyal yo ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki genyen nan enstwiksyon sa a aplike pou tout sant komèsyal yo ki an fonksyònman pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Pwopriyetè/operatè sant komèsyal yo, oswa yon lòt antite ke pwopriyetè/operatè a ka chwazi (nan toulède ka yo, "Antite ki Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo.

Pwopriyetè/operatè sant komèsyal la, oswa antite yo chwazi a, dwe prensipalman responsab pou yo ranpli tout nòm ki gen rapò ak espas komen yo. Lokatè yo, si se pa pwopriyetè/operatè yo, dwe prensipalman responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo ki gen rapò ak espas yo lwe yo, amwens ke lokatè ak pwopriyetè/operatè a jwenn yon akò altènatif konsènan responsabilite sa yo (pa egzanp, pwotokòl evalyasyon konjwen yo).

Eksepte kote sa make otreman, referans yo fè a "anplwaye yo" (1) gen ladan yo anlwaye, antreprenè, ak machann yo, epi (2) referans yo fè a "anplwaye ak/oswa vizitè yo" se pwopriyetè/operatè sant komèsyal la ak anlwaye ak/oswa vizitè yo. Antite ki Responsab yo ta dwe kowòdone ak antite lokatè ki okipe espas nan sant komèsyal la, kote ki aplikab, sou aplikasyon bon jan pratik yo konfòmman a enstwiksyon sa yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou antite sa yo ak anlwaye, antreprenè, ak vizitè yo, konsilte enstwiksyon yo referanse anlè a.

Enstwiksyon nou pral site la yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo. an kolaborasyon ak nenpòt lokatè, dwe asire ke prezans mendèv ak kliyan yo limite a pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, ki enkli kliyan yo, ki dwe kenbe distans sis pye separasyon de lòt moun ki pa fè pati fanmi/gwoup/fwayer imedyata yo, epi, nan tout ka yo, dwe sèlman gen otorizasyon pou yo antre nan sant komèsyal la ak nan biznis ki nan sant komèsyal la si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo; a kondisyon, sepandan, ke kliyan an gen laj plis pase de ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal; epi
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo toujou kenbe yon distans sosyal omwen sis pye ant anlwaye ak kliyan yo, amwens ke sekirite oswa aktivite prensipal yo mande yon distans ki pi piti (pa egzanp, pou jere gichè lajan yo, pou deplase ak leve machandiz yo). Anlwaye yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo nenpòt lè yo ap fè entèraksyon ak kliyan yo (pa egzanp, pou bay kliyan yo enfòmasyon, sonnen klòch pou yon acha, anbale yon atik pou yo bay) epi nenpòt lè anlwaye yo a

sis pye de yon lòt moun. Anplwaye yo dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon moun vini sanzatann a sis pye de yo. Kliyan ki ap rantre nan sant komèsyal la tou dwe mete mask ki kouvri figi yo.

- Mask pou kouvri figi ki akseptab pou COVID-19 yo enkli men yo pa sèlman mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo ak mask yo ka jete ki kouvri alafwa nen ak bouch yo.
- Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) akòz modèl travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, jan sa defini konfòmman a [lis enstwiksyon OSHA yo](#).
- Antite ki Responsab yo ka modifiye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay yo ak espas kote anplwaye yo chita, pou ke anplwaye yo ka a omwen sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanp, kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye oubyen dezenfekte yo apre yo fin itilize yo. Lè distans sosyal yo pa posib ant lokal oswa espas travay yo, Antite ki Responsab yo dwe bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi oswa mete baryè fizik yo, tankou mi baryè an plastik, olye de mask ki kouvri figi nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.
 - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a [lis enstwiksyon OSHA yo](#).
 - Opsyon baryè fizik yo ka enkli: band rido, glas ki epè oswa materyèl similè yo, oswa lòt divizè oswa separatè ki enpèmeyab yo.
- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo pou yo modifiye dispozisyon sant komèsyal yo pou anplwaye ak kliyan yo ka omwen a sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo lè anplwaye yo ap travay epi kliyan yo ap chèche atik yo, amwens ke gen baryè fizik ki sou pye (pa egzanp, baryè an glas oswa klwazon sou gichè lajan yo).
 - Antite ki Responsab yo dwe egzije anplwaye yo mete mask ki kouvri figi yo lè y'ap fè entèraksyon ak kliyan yo. Antite ki Responsab yo pa ta dwe pèmèt kliyan yo rantre nan sant komèsyal yo san yo pa mete yon mask pou kouvri figi yo, si kliyan an gen laj plis pase de ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal.
 - Si yo pa kite yo rantre, Antite ki Responsab yo ta dwe chèche bay metòd altènatif pou pase pran epi/oswa livre pwodwi pou kliyan yo, patikilyèman pou asire aksè a pwodwi ki esansyèl yo, ki enkli men ki pa limite a manje, medikaman, ak ekipman oswa materyèl medikal yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe rezève espas ki apwopriye pou anplwaye ak kliyan yo ka travay epi fè acha yo, pandan y'ap konsidere distans sosyal ki apwopriye yo.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere kreye koridò oswa koulwa a sans inik yo, oswa otreman reyamenaje trafik sikilasyon yo.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas piti yo (pa egzanp, asansè, twalèt, sal depo yo) pa plis ke yon moun alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Sepandan, kantite moun ki nan espas la pa dwe janm depase 50% kapasite maksimòm espas la, amwens ke li te kreye pou yon sèl moun itilize li. Antite ki Responsab yo ta dwe ogmante nan pi gwo mezi posib ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanp, ouvri fenèt yo, kite pòt yo ouvri), pandan ke y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje itilizasyon opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib. Minimize kantite fwa nou manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.

- Antite ki Responsab yo ta dwe mete sou pye mezi ki pou redwi sikilasyon kliyan yo apye nan de direksyon yo apati itilizasyon tep oswa siy ak flèch yo nan koridò ak koulwa yo, epi poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas sis pye yo nan espas ke moun itilize an komen yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzanp, espas kote moun yo ka make lè yo kòmanse/fin travay, espas evalyasyon sante yo, kyòsk sant komèsyal yo, sal poz yo).
 - Kote sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon nan yon sèl direksyon.
- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas sis pye yo nan tout espas ke moun itilize an komen yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzanp, espas kote moun yo ka make lè yo kòmanse/fin travay, espas evalyasyon sante yo, sal poz yo, zòn gichè lajan yo, tou pre machandiz yo, nan koulwa yo).
- Antite ki Responsab yo dwe poste afichaj yo anndan ak deyò sant komèsyal yo, ki konsistan ak afichaj COVID-19 DOH la. Antite ki Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj espesifik ki pèsonalize yo nan espas oswa etablisman travay yo, a kondisyon ke afichaj sa a konsistan ak afichaj Depatman an. Yo ta dwe itilize afichaj yo pou raple anplwaye yo pou yo:
 - Rete lakay nou si nou malad.
 - Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo.
 - Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Swiv etikèt ki apwopriye pou ijyèn respiratwa ak tous yo.

B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon ekip yo, sal depo yo) nan mezi sa posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn nenpòt lè sa posib, konfòmman a enstwizyon CDC pase nan "[Enstwizyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Antite ki Responsab yo ta dwe fè reyinyon anplwaye an pèsòn yo nan espas ki laj, ki byen ayere epi yo ta dwe asire ke moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn de lòt (pa egzanp, si gen chèz, kite espas ant chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz ki altène) oswa mete mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè y'ap limite kantite moun ki okipe espas yo oswa fèmen enstalasyon ki pa esansyèl yo ak espas kolektif yo ki pa pèmèt yo respekte pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvri yo, Antite ki Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan yo disponib bò kote ekipman ki tou pre enstalasyon sa yo (pa egzanp, machinn ki ap vann yo, espas kafe kolektif yo).
- Antite ki Responsab yo dwe mete an plas pratik pou distans sosyal ki apwopriye nan espas ki piti yo, tankou twalèt ak sal poz yo, epi yo ta dwe devlope afichaj ak sistèm (pa egzanp, mete siy lè yo okipe) pou limite okipasyon lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi

- Antite ki Responsab yo ta dwe dekale orè travay anplwaye yo pou ka kenbe distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp, pandan y'ap pran poz yo).

C. Aktivite nan Espas Travay yo

- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou:
 - ajiste orè espas tavyay yo;
 - redwi mendèv sou plas yo, lè sa apwopriye, pou ka akomode lis enstwiksyon distans sosyal yo;
 - chanje konsèp yo (pa egzanp, ekip A/B, tan arivaj/depa ki dekale yo);
 - regwoupe aktivite yo, kote sa posib, pou anplwaye yo ka respekte distans sosyal la epi redwi kantite men moun k'ap manyen pwodwi yo an menm tan (pa egzanp, yon anplwaye fè tout anbalaj yo epi yon lòt anplwaye separe fè tout livrezon yo);
 - ankouraje, men pa egzije, kliyan yo anbale pwòp acha yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe ajiste orè biznis an detay yo jan sa nesesè pou pèmèt pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon amelyore yo.

D. Deplasman ak Komès

- Antite ki Responsab yo dwe siveye epi kontwole trafik sikilasyon nan sant komèsyal yo pou asire respè kondisyon kapasite maksimòm yo.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe kenbe prezans anplwaye oswa sekirite ki sifizan pou siveye trafik sikilasyon yo epi pou asire ke gwoup moun yo respekte limitasyon distans sosyal yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe entèdi rasanbleman ak pwomnad kliyan yo epi yo ta dwe kenbe prezans anplwaye oswa sekirite ki sifizan, ki enkli anboche pèsònèl adisyonèl, pou ka elimine rasanbleman ak pwomnad kliyan yo.
- Antite ki Responsab yo dwe etabli zòn ke yo te chwazi pou livrezon atik yo, sa ki ap limite kontak yo nan mezi ki posib.
- Antite ki Responsab yo ta dwe klèman bay espas rantre ak sòti ki separe ke yo te chwazi yo, lè sa posib.
 - Antite ki Responsab yo dwe prepare pou mete kliyan yo nan liy deyò alafwa sant komèsyal ak biznis yo pandan ke yo ap toujou kenbe distans fizik yo ki enkli apati itilizasyon siy oswa makè vizyèl yo.
- Pou livrezon machandiz yo, Antite ki Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè yo ka rete nan machin yo pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa posib, Antite ki Responsab yo dwe bay travayè yo ekipman pou pwoteksyon pèsònèl ki akseptab epi ki apwopriye pou aktivite yo antisipe yo ki enkli, pou pi piti, yon mask gratis pou kouvri figi yo bay pèsònèl ki ap fè livrezon yo pandan dire pwosesis livrezon an.
- Antite ki Responsab yo dwe fè ijyèn pou men yo avan ak apre yo fin transfere yon kagezon (pa egzanp, yon chofè livrezon) machandiz (pa egzanp, fè ijyèn pou men yo avan yo kòmanse chaje atik yo; epi yon fwa ke yo fin chaje tout atik yo, retounen fè ijyèn pou men yo ankò pou fini).

- Antite ki Responsab yo dwe chwazi espas kote pou moun pase pran atik yo sou twotwa yo pou magazen entèn yo.
- Antite ki Responsab yo dwe sispans bay sèvis valè yo.
- An vigè apati 20 out 2020, Antite ki Responsab yo ka ouvri espas limite pou moun chita kote ki bay sèvis alimantè yo; a kondisyon, sepandan, ke kote pou moun chita ak etablisman sèvis alimantè sa yo sitiye nan espas alimantè ki fonksyone konfòmeman a "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, ki enkli nenpòt separasyon ki nesèsè ant tab ak chèz yo, distans sosyal ant gwoup kliyan yo, ak limit kantite moun ki okipe espas yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fèmen oswa modifye enstalasyon yo, lè sa posib, ki enkli:
 - Fèmen espas komen kote moun chita nan sant komèsyal la, eksepte espas pou moun chita kote ki bay sèvis alimantè yo jan yo mansyon anlè a;
 - Fèmen bar kote moun ka sèvi tèt yo ak kote yo bay echantiyon yo; ak
 - Fèmen fontèn dlo yo.

II. ESPAS YO

A. Sistèm Filtrasyon Lè ak Sistèm Batiman yo

- Pou [sant komèsyal](#) ki pi gwo pase 800,000 pye kare yo, Antite ki Responsab yo dwe asire ke sistèm filtrasyon HVAC batiman yo ranpli nòm pi gwo nivo filtrasyon ki konpatib ak sistèm tretman ak jesyon lè ki enstale aktyèlman yo, pou pi piti MERV-13, oswa ekivalan nan endistri an oswa pi gwo ke sa (pa egzanp, HEPA), jan ki aplikab, epi ki sètifye epi dokimante pa yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC ki sètifye, pwofesyonèl [ASHRAE](#) ki sètifye, pwofesyonèl remiz an sèvis ki sètifye, oswa enjenyè batiman pwofesyonèl ki sètifye nan New York.
 - Antite ki Responsab yo ka konsidere adopte tou pwotokòl adisyonèl sou ayerasyon ak rediksyon filtrasyon lè yo konfòmeman a [rekòmandasyon CDC yo](#), patikilyèman pou batiman ki date plis pase 15 ane yo, ki enkli:
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm yo ap fonksyone pandan lontan (pa egzanp, 24 sou 24, 7 jou sou 7 si sa posib);
 - Dezaktive ayerasyon sou demand yo, kote ki rezonab, men toujou kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo (pa egzanp, sal konferans oswa reyinyon yo);
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - Konsidere enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo;
 - Sele bò filtè a pou limite lè ki chape yo; epi/oswa
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;
- Si yon [sant komèsyal](#) ki pi gwo pase 800,000 pye kare pa ka ranpli nòm nivo MERV-13 oswa pi plis ke sa pou yon sistèm filtrasyon HVAC batiman yo, Antite ki Responsab yo dwe fè yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC ki sètifye, pwofesyonèl [ASHRAE](#) ki sètifye, pwofesyonèl remiz an

sèvis ki sètifye, oswa enjenyè batiman pwofesyonèl ki sètifye nan New York sètifye epi dokimante ke sistèm tretman ak jesyon lè ki enstale aktyèlman yo pa ta pral ka pwodwi nivo chofaj ak rafrechisman minimòm ke li te otreman ka pwodwi anvan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la si yo te enstale yon gwo nivo filtrasyon konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis ke sa). An plis, Antite ki Responsab yo dwe soumèt dokiman sa a bay DOH pou yo ka revize epi apwouve pou yo fonksyone ak yon nivo filtrasyon ki pi piti ak MERV -11 oswa MERV-12, ak pwotokòl adisyonèl sou ayerasyon ak rediksyon filtrasyon lè yo. Nan tout ka yo, sepandan, Antite ki Responsab yo dwe kenbe yon nivo sistèm filtrasyon HVAC batiman yo ki se omwen MERV-11.

- An plis, Antite ki Responsab yo ki pa ka ranpli yon nivo filtrasyon MERV-13 oswa pi plis ke sa yo dwe adopte pwotokòl adisyonèl sou ayerasyon ak rediksyon filtrasyon lè yo konfòmman a rekòmandasyon CDC yo, kote ki apwopriye, ki enkli:
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm yo ap fonksyone pandan lontan (pa egzanp, 24 sou 24, 7 jou sou 7 si sa posib);
 - Dezaktive ayerasyon sou demand yo, kote ki rezonab, men toujou kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo (pa egzanp, sal konferans oswa reyinyon yo);
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - Konsidere enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo;
 - Sele bò filtè a pou limite lè ki chape yo; epi/oswa
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;
- Pou sant komèsyal ki pi gwo pase 800,000 pye kare yo, Antite ki Responsab yo dwe asire ke sistèm filtrasyon HVAC batiman yo ranpli nòm pi gwo nivo filtrasyon ki konpatib ak sistèm tretman ak jesyon lè ki enstale aktyèlman yo, pou pi piti MERV-11, oswa ekivalan nan endistri an oswa pi gwo ke sa (pa egzanp, HEPA), men ideyalman MERV-13, jan ki aplikab, epi ki sètifye epi dokimante pa yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC ki sètifye, pwofesyonèl ASHRAE ki sètifye, pwofesyonèl remiz an sèvis ki sètifye, oswa enjenyè batiman pwofesyonèl ki sètifye nan New York.
 - Antite ki Responsab yo ka konsidere adopte tou pwotokòl adisyonèl sou ayerasyon ak rediksyon filtrasyon lè yo konfòmman a rekòmandasyon CDC yo, patikilyèman pou batiman ki ap fonksyone ak sistèm HVAC ki mwens pase nivo filtrasyon MERV-13 yo ak batiman ki date plis pase 15 ane yo, ki enkli:
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm yo ap fonksyone pandan lontan (pa egzanp, 24 sou 24, 7 jou sou 7 si sa posib);
 - Dezaktive ayerasyon sou demand yo, kote ki rezonab, men toujou kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo (pa egzanp, sal konferans oswa reyinyon yo);
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - Konsidere enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo;
 - Sele bò filtè a pou limite lè ki chape yo; epi/oswa
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;

- Anvan okipan yo retounen nan yon batiman ki te fèmen totalman, Antite ki Responsab yo dwe konplete verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Sistèm sa yo gen pami yo, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.
 - Depandaman de longè tan depi lè ekipman yo te inaktif, Antite ki Responsab yo dwe lanse sistèm yo ak obsèvasyon atantif pou asire ke machin yo (pa egzanzp, tib ak entèripte yo) ap fonksyone kòrèkteman.
 - Li ka nesese pou pran mezi espesifik pou sistèm yo pou ka relanse sistèm yo apre yo te fèmen pandan lontan. Antite ki Responsab yo ka detèmine nesosite pou chak atik sa yo baze sou longè dire tan yo te fèmen yo ak kondisyon yo lè yo enspekte yo.
 - Jan ki apwopriye epi aplikab, Antite ki Responsab yo ta dwe ranpli batiman an ak lè fre baze sou konsèp sistèm lè sosyal/deyò yo pandan yon peryòd 24 èdtan minimòm.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase sistèm tretman lè yo jan sa nesese (pa egzanzp, apre yo fin ranpli batiman an).
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo te fè mentnans ak siveyans ekipaj rafrechisman yo konfòmman a règleman eta yo epi ke nivo pwodwi chimik ak mikwòb yo nan nivo ke yo te etabli pou nenpòt sistèm dlo ki fèmen ak/oswa enstalasyon dlo yo, epi seche nenpòt aparèy ki ta ka gen dlo dòmi ladan yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe vide sistèm dlo frèt ak dlo cho yo konfòmman a plan jesyon dlo nan batiman an, jan ki aplikab.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo ranplase nenpòt sistèm tretman dlo jan sa nesese apre yo fin vide sistèm dlo batiman yo.
 - Pou batiman ki te fèmen totalman yo, Antite ki Responsab yo ta dwe asire ke yo te retabli fonksyònman tout sistèm ak ekipman mekanik yo anvan yo retounen ouvri batiman an.

B. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo mete mask ki kouvri figi yo lè yo a sis pye de kliyan yo oswa de kòlèg travay yo. Anplwaye yo dwe mete mask ki kouvri figi yo tou nenpòt lè yo ap fè entèraksyon ak kliyan yo (pa egzanzp, sonnen klòch pou yon acha, anbale yon atik pou yo bay, entèraksyon sekirite yo).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo sèlman otorize kliyan yo rantre nan sant komèsyal yo ak nan biznis ki nan sant komèsyal yo si yo mete yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo; a kondisyon, sepandan, ke kliyan an gen laj plis pase de ane epi ka tolere mask sa a sou plan medikal.
- An plis de Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo ki nesese jan yo mande sa pou kèk aktivite nan espas travay yo, Antite ki Responsab yo dwe achte, konfeksyone oswa otreman jwenn mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi yo ta dwe bay anplwaye yo mask sa yo gratis pandan yo nan travay la. Antite ki Responsab yo ta dwe gen disponib yon apwovizyonman mask pou kouvri figi yo ak lòt ekipman PPE ki nesese ki disponib nan ka ke yon anplwaye oswa kliyan bezwen yon ranplasman. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanzp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.

- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte [enstwiksyon](#) CDC pase yo pou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak lòt tip Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo, ansanm ak enstwiksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo.
 - Remake ke yo pa ta dwe konsidere mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak mask ke yo ka jete yo kòm mask ki akseptab pou kouvri figi pou aktivite nan espas travay yo ki mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou kondisyon pou kouvri figi yo. Pa egzanp, si respiratè N95 yo nòmalmman nesèsè pou aktivite espesifik biznis an detay yo, yon mask pou kouvri figi ki fèt ak rad oswa ki fèt lakay ou pa pral sifi. Antite ki Responsab yo dwe adere a nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo
- Antite ki Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche okenn anplwaye mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsonèl yo (pa egzanp, mask chirijik, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo). Antite ki Responsab yo ka mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Konpayi travay yo ta dwe konfòme yo anba tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye mezi ki pou limite pataj atik yo, tankou zouti, gichè, ak veykil yo, epi evite manyen espas komen yo; oswa, mande tout anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo vin an kontak ak sifas moun manyen souvan oswa atik yo pataje ak lòt moun yo; oswa, mande anplwaye yo fè ijyèn men yo anvan ak apre kontak yo.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo mete gan pandan y'ap manyen nenpòt pwodwi manje.
- Antite ki Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[STOP THE SPREAD](#)" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Antite ki Responsab yo dwe kenbe rejis ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:
 - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papye ke yo ka jete.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Antite ki Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men yo disponib toupatou nan sant komèsyal la pou anplwaye ak kliyan yo itilize; yo ta dwe mete yo yon kote ki apwopriye tankou pòt kote moun rantre nan sant komèsyal la, kyòk enfòmasyon yo, ak pòt rantre nan chak magazen pou kliyan yo ak nan gichè lajan oswa tèminal peman yo. Antite ki Responsab yo dwe mete afichaj ki endike ke nou ta dwe lave men ki klèman sal anpil yo ak dlo ak savon; dezenfektan pou men yo pa efikas kont men ki klèman sal anpil yo.
- Antite ki Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo, epi yo dwe ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, lè

y'ap swiv enstwisyon itilizasyon fabrikan yo, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.

- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan sant komèsyal la, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou sifas yo manyen souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt yon fason minisyè epi kontinyèl epi yo ta dwe fèt omwen de fwa pa jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwisyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwisyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo. Nou dwe netwaye epi dezenfekte twalèt yo pi souvan depandaman de a ki frekans yo itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman netwaye epi dezenfekte ekipman yo apati itilizasyon dezenfektan ki anrejistre yo, ki enkli omwen chak fwa anplwaye yo chanje lokal travay yo. Konsilte [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi ke EPA te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19.
 - Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman yo, Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa gan ke yo ka jete ak/oswa limitasyon kantite anplwaye ki ap itilize ekipman sa yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo nan ka ke gen yon anplwaye oswa kliyan ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo (pa egzanp, machin k'ap vann, ranp, twalèt, manch pòt yo).
- Enstwisyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen tout espas ke moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 la te itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon yo, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvè pòt ak fenèt ki bay sou deyò pou ogmante sikilasyon lè nan zòn nan.
 - Rete tann 24 èdtan anvan ou netwaye epi dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, rete tann pi plis posib.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Yon fwa ke yo byen fin netwaye epi dezenfekte espas la, yo ka retounen ouvri li pou moun itilize.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Refere nou a "[Enstwisyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and

Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch" yo.

- Si plis pase sèt jou te pase depi lè moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 la te vizite oswa itilize lokal sant komèsyal la, li pa nesèsè pou nou fè netwayaj ak dezenfeksyon adisyonèl, men nou ta dwe kontinye fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo.
- Pou aktivite kote moun manyen atik yo pataje ak lòt moun yo (pa egzanp, charyo, aparèy pèman yo), espas komen yo (pa egzanp, espas pou pase pran atik yo), ak/oswa sifas komen yo (pa egzanp, pòt yo, repètwa ekran taktil yo), Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo netwaye epi dezenfekte atik ak espas sa yo de fwa pa jou, pou pi piti.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi anplwaye yo pataje manje ak bwason yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo), yo ta dwe ankouraje moun pote pwòp manje ki soti lakay yo, epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.

D. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite sant komèsyal yo retounen nan nivo nòmal yo. Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye, èdtan, ak kantite kliyan ki disponib pou yo bay sèvis lè y'ap retounen ouvri pou premye fwa pou yo ka bay operasyon ki gen kapasite pou ajiste a chanjman yo.

E. Plan Kominikasyon

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Antite ki Responsab yo dwe devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye ak kliyan yo ki gen ladan enstwiksyon, fòmasyon, afichaj ki aplikab, ak yon mwayen ki konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou respekte enstwiksyon CDC ak DOH pase yo konsènan itilizasyon PPE yo, espesyalman mask pou kouvri figi yo lè yo pa ka kenbe distans sosyal sis pye a, atravè kominikasyon vèbal ak afichaj yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj anndan ak deyò sant komèsyal la pou raple pèsònèl ak kliyan yo pou yo adere a règ sou bon jan ijyèn, distans sosyal yo, itilizasyon PPE ki apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye pratik evalyasyon sante jounalye obligatwa pou anplwaye yo, epi lè sa posib, pou vizitè yo, men evalyasyon sa a pa ta dwe obligatwa pou vizitè oswa pèsònèl livrezon yo.
 - Yo ka fè pratik evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke anplwaye a vin nan espas travay la, nan mezi sa posib; oswa yo ka fè yo nan espas travay la.

- Yo ta dwe kowòdone evalyasyon yo pou anpeche anplwaye yo melanje an kontak tou pre youn ak lòt anvan yo fin konplete evalyasyon yo.
- Pou pi piti, yo ta dwe mande evalyasyon pou tout anplwaye ak vizitè yo (men pa kliyan yo), epi yo ta dwe konplete yo apati itilizasyon yon kesyonè ki ap detèmine si wi ou non anplwaye oswa vizitè a te:
 - (a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; epi/oswa
 - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo.
- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "Sentom Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mande moun yo pou yo imedyatman revele si ak lè repons yo bay pou nenpòt kesyon nou sot mansyone anlè a yo te chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, alafwa pandan orè travay yo oswa orè an deyò travay yo.
- An plis de kesyonè evalyasyon yo, yo ka fè verifikasyon tanperati jounalye yo konfòmeman a lis enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego Ameriken (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo. Yo entèdi Antite ki Responsab yo kenbe dosye sou enfòmasyon sante anplwaye a (pa egzanp, enfòmasyon sou tanperati espesifik yon moun, men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj ak rezilta tès depistaj sa yo (pa egzanp, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke nenpòt manm pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo, ki enkli verifikasyon tanperati yo, dwe byen pwoteje tèt yo yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon yo a anplwaye ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan sant komèsyal la. Pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe resevwa epi yo ta dwe itilize PPE yo, ki enkli pou pi piti, yon mask oswa mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, epi sa ka enkli gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi yo.
- Yo pa dwe pèmèt yon moun ke yo evalye ki pozitif pou sentom COVID-19 yo antre nan espas travay la epi yo dwe voye yo lakay yo epi mande yo kontakte founisè swen sante yo pou ka fè evalyasyon ak tès.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe bay moun sa yo enfòmasyon a distans sou swen sante ak resous pou teste yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe imedyatman enfòme depatman sante lokal eta ak lokal la sou ka sa a si rezilta tès yo pozitif pou COVID-19.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.

- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon pwèn kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout kesyonè yo, epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòmè si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè a.
 - Si Antite ki Responsab yo ak lokatè yo te dakò sou yon aranjman evalyasyon altènatif kote Antite ki Responsab yo fè evalyasyon nan non lokatè yo, lè sa Antite ki Responsab yo ta dwe responsab pou yo konsève yon dosye sou pwosesis evalyasyon an. Yo entèdi pou yo kenbe dosye sou enfòmasyon sante anplwaye a (pa egzanp, enfòmasyon sou tanperati espesifik yon moun); sèl dosye yo dwe konsève chak jou konsènan pwosesis evalyasyon an se dosye pou moun ke yo te evalye yo, ak konfimasyon ke yo pa't bay aksè a okenn anplwaye oswa vizitè ki pa't pase pwosesis evalyasyon an.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsabilite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan sekirite espas la.
- Nan mezi sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe konsève yon dosye sou chak moun, ki enkli anplwaye ak vizitè yo, ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la; sa pa enkli kliyan yo ak livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. Dosye yo ta dwe gen enfòmasyon kontak yo, yon fason pou ke yo ka idantifye, trase epi enfòmè tout kontak yo nan ka ke yo dyagnostike yon anplwaye kòm yon moun ki gen COVID-19. Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo.
- Antite ki Responsab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak yo men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa. Antite ki Responsab yo ka bay yon opsyon pou kliyan yo ka bay enfòmasyon kontak yo pou ke yo ka mete yo nan dosye epi kontakte yo pou depistaj kontak yo, si sa nesèsè.

B. Depistaj ak Reperaj

- Antite ki Responsab yo dwe enfòmè depatman sante lokal ak eta kote biznis lan lokalize a imedyatman apre yo fin enfòmè sou nenpòt rezilta tèst ki pozitif pou COVID-19 pou yon anplwaye ki nan lokal travay yo a.
- Nan ka ke yon anplwaye oswa kliyan ki te fè entèraksyon nan biznis lan te teste pozitif, Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak depatman sante lokal ak eta a pou ka depiste tout kontak yo nan espas travay la epi enfòmè depatman sante lokal ak eta a sou tout anplwaye yo te dokimante ak vizitè/kliyan (jan sa aplikab) ki te rantre nan lokal sant komèsyal la soti depi 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 yo oswa te teste pozitif, nenpòt sa ki te rive anvan, men yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo mande sa.
- Depatman sante lokal ak eta yo pral mete sou pye sipèvizyon ak limitasyon depasman moun ki enfekte oswa ki ekspozè yo ki enkli izòlman oswa karantèn lakay yo.
- Moun ke yo te alète ke yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète apati depistaj, reperaj oswa lòt mekanis yo, gen obligasyon pou yo rapòte tèt yo bay konpayi travay yo lè yo jwenn alèt la epi yo dwe swiv tout pwotokòl ki referanse anlè a yo.

IV. PLAN KONPAYI TRAVAY YO

Antite ki Responsab yo dwe poste byen klè plan sekirite konplè yo nan espas etablisman yo pou anplwaye yo. Eta a te mete disponib yon modèl plan sekirite reyouvèti biznis yo pou ka gide pwopriyetè ak operatè biznis yo nan devlopman plan pou pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki anba la a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>